xıylıǵındadur» [5:83]. Mádeniyat adamnıń tek ǵana sociallasıwın támiynlep qalmastan, jamiyet penen integraciyalasiwin táminleydi. Mádeniyat insanǵa kámillikke erisiwge dóretiwshilik islerin júzege shıǵarıwǵa kómeklesedi. Bul jerde insannıń jámiyetlesiwi bugingi kúnde globallasıw arqalı bir qansha mashqalalardı keltirip shiǵarmaqta. Ulıwmalastırıp aytqanda házirgi globallasıw shárayatında mádeniyatqa degen itibardı talap etedi. Mádeniyat túsinigi rawajlanıw, jańalıqqa umtılıw, ruwxıy jańalanıw, sıyaqlı unamlı tásirlerin aytıp ótsek boladı, hámde jámiyet turmısın mádeniyatsız kóz aldımızǵa keltire almaymız. Mádeniyat óziniń túp mánisine kóre milliylik hám ulıwmainsanıylıqtıń ulıwmalıq birligi sıpatında qarawımızǵa boladı. Atap aytqanda, mádeniyat óz náwbetinde xalıqlardı bir-biri menen jaqınlastırıw, tatıwlıq, gumanistlik, tolerantlıq, hám turaqlılıqtı támiynlewde xızmeti úlken ekenligin aytıp ótiw orınlı.

**Ádebiyatlar**

1. Абдураҳманов М., Раҳманов Н. Маданиятшунослик. –Тошкент: 2011.
2. Seitova Z., Turǵanov B., Utemisov A. Mádeniyattanıw. – Nókis: 2016. 13-b
3. Гулметов Э., Эрназаров Ш., Маврулов А. Маданиятшунослик маърузалар матни. 2000. 9-b.
4. Ўзбекистон миллий энсиклопедияси. Давлат илмий нашриёти. 2003. 372-b.
5. Bazarbaev J. Ruwxıylıq tıykarları. – Nókis: 2016. 83-b.

**REZYUME.** Maqolada jamiyat madaniyati, ularning asosiy oʻlchamlari va madaniyat tuchunshasiga aniqlik kiritilgan. Madaniyat oʻziga xos boʻlgan xususiyatlari, jamiyat turmushida rivojlanishi, madaniyatning inson umriga ta'siri, urf odatlarning bilan oʻzaro bogʻliqligi va insonning ma'naviy yetukligidagi ahamiyati keng turda ochib berilgan. Bu masalalar asosan falsafiy tomondan olib qaralgan boʻlib, uning ma'no mazmuni darajaviy tahlil qilingan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье уточняются культура общества, их основные измерения и понятие культуры. Широко объясняются особенности культуры, ее развитие в жизни общества, влияние культуры на жизнь человека, взаимосвязь традиций с обычаями и их значение в духовной зрелости человека. Эти вопросы в основном философские, с уровневым анализом смысла.

**SUMMARY.** The article clarifies the culture of the society, its main dimensions and the concept of culture. The peculiarities of culture, its development in the life of society, the influence of culture on human life, the relationship of traditions with customs and their importance in the spiritual maturity of a person are widely explained. These questions are mostly philosophical, with a level analysis of meaning.

## НӨКИС ҚАЛАСЫНЫҢ 90 ЖЫЛЛЫҚ ТАРИЙХЫНА БИР НӘЗЕР

**Я.А.Абдуллаева –** *тарийх илимлериниң докторы, доцент*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** Ўзбекстон, Қорақалпоғистон, ривожланиш, иқтисодиёт, маданият, таълим, ёшлар.
**Ключевые слова:** Узбекистан, Каракалпакстан, развитие, экономика, культура, образование, молодежь.
**Key words:** Uzbekistan, Karakalpakstan, development, economy, culture, education, youth.

Мәмлекетлер ҳәм халықлар раўажланыўында қалалардың тийкарынан пайтахт қалалардың орны ҳәм роли үлкен болып есапланады. Сондай қалалардың биреўи Нөкис қаласы болып табылады.

Автономиялы ўәлаттың автономиялы республикаға айланыўына байланыслы Қарақалпақстан пайтахтының орны ҳаққында мәселе өзиниң үзил-кесил шешимин тапты. Пүткил аўқамлық Орайлық Атқарыў Комитети Президумының 1932-жыл 1-апрельдеги қарары ҚҚАССР дың ҳәкимшилик орайын Нөкис деп белгилеп, соның менен бирликте оны қалаға айландырды.

Нөкистин жайласқан жери, суў қатнасын, қурықлықтағы жол қатнасын ҳәм транспорт байланысларын келешекте раўажландырыў ушын күтә мақул келеди. Қаланың дәрьяға жақын жайласыўы қурылыс материалларын әкелиў, халықтың коммуналлық турмыс мүтәжликлерин суў менен тәмийинлеў ҳәм аўыл хожалығы өндирисин раўажландырыў ушын жақсы мүмкиншиликлерди ашып берди. Қабыл етилген қарарларға муўапық 1932-жылы Қарақалпақстанда қаланы салыў бойынша таярлық жумысларына ҳәм оның жойбарын ислеп шығыўға кирисилди. Атап айтқанда, Қарақалпақстан Орайлық Атқарыў Комитети менен Халық Комиссарлар Кеңесиниң 1932-жыл 17-ноябрьдеги бирликтеги мәжилиси республика пайтахты Нөкис қаласы қурылысына таярлық, оны шөлкемлестириў ҳәм қурылысты табыслы тамамлаў ҳаққында мәселени қарап шықты. Қурылысқа басшылық етиў бойынша үш адам қурамында ҳүкиметлик комиссия дүзилди, олардың арасында Қ.Әуезов болды. Қарақалпақстан ўәлаятлық партия комитетиниң 1933-жыл 17-майдағы бюро мәжилисинде Нөкис қаласы қурылысының барысы ҳаққында мәселе қаралып, жумыстағы унамлы тәреплер менен қатар кемшиликлерде атап керсетилди. Кемшиликлерди сапластырыў бойынша комиссия дүзилди. Буннан тысқары, пайтахт қурылысының мәселелери барқулла республика басшыларының дыққат орайында болды. Сол жыллардағы көрнекли мәмлекетлик искерлер К.Нурмухамедов, Қ.Әуезов, И.С.Алиев, Д.М.Логинов ҳәм басқалар пайтахттың қурылысына тиккелей қатнасты. Қол күши (гербиш өриўшилер, сыбаўшылар ҳәм басқалар) инженерлер менен техниклер, атап айтқанда, сантехника бойынша қәнигелер жетиспеди. Көплеген қурылыс материаллары қоңсылас республикалардан алып келинди.

Жергиликли қурылыс материалларын ислеп шығарыўға айрықша дыққат бөлинди. Тас гербиш пенен тәмийинлеў ушын қумбызлар қурылды, ҳәк алыўда жолға қойылды. Гербиш заводы қурылды. Республиканың қурылысларын маман қәнигелер менен тәмийинлеў ушын ҳәр қыйлы курслар ашылды. Мәселен, 1932-жылғы Төрткүлде үш айлық қурылысшылар курсы ашылып, онда 37 адам, соның ишинде үш ҳаял-қыз кәсип сырларын үйренди. Усы курслардың питкериўшилериниң көпшилиги Нөкис қаласын қурыўға, соның ишинде ун қаразының, жоңышқа туқымын тазалайтуғын заводтың, почтаның, мийманхананың, дәриханаyның, турақ жайлардың қурылысларына қатнасты.

Нөкис қаласының қурылысы ҳаққында қарар қабыл етилгеннен соң бир жылдан кейин 1933-жыл 10-июльде РСФСР Халық Комиссарлары Кеңесинде Нөкис қаласын рауажландырыўдың бас схемасы тастыйықланды. Ал, ҳақыйқатында имаратлар салыў жумысы тек 1934-жылдан басланды. Жумысларды жедел пәт пенен алып барыўға туўра келди, себеби гидрогеологлардың болжаўлары бойынша 1935-жылы Төрткүлди дегиш алыўы мүмкин еди. Усыған байланыслы РСФСР Халық Комиссарлары кеңеси ҳәм Пүткил аўқамлық Орайлық Атқарыў комитети Нөкис қаласын қурып питкериў мүддетлерине өзгерислер киргизди ҳәм қурылысты тезлетиў, қосымша финанс қаржылары ҳаққында қарарлар қабыл етти.

Орайда типография хәм оқыў орынлары ушын имаратларды, сондай-ақ ремонтлаў-механикалық устаханаларды буннан булай қурыўдың жобасын иске асырыўға айрықша дыққат аўдарды.

1936-жылы басшылық тәрепинен қурылысты питкериў графиги ислеп шығылды. Ҳүкимет ҳәм профсоюз

шөлкемлериниң Төрткүлден Нөкиске көшип келиўи 1936-жылдың IV тоқсанына белгиленди.

Нөкистиң халқы жақын 10 жыл ишинде 15 мың адамды қурайды деп есапланды, ал ҳақыйқатында 1939-жылдың 17-январында қала ҳалқы 14 мың адамды қурады. Көрилген илажлар арасында республикада санаат ҳәм пухаралық қурылыслар ен жайдырылды. 1938-жылы Нөкисте гербиш заводы пайдаланыўға тапсырылды, ол жылына 6 миллион дана гербиш ислеп шығарды. Бирақ қурылыс көлемлериниң кеңейиўи жаңа гербиш заводын қурыўды талап етти.

1953-жылдан 1955-жыл аралығында қумлық жерде гербиш завод бой тикледи. Буның ушын Қызкеткеннен заводқа дейин канал қазылды, ол қумлықлар ҳәм таслақлар арқалы өтти.

Республиканың пайтахты сыпатында Нөкис қаласы тез пәт пенен раўажланды, 1940-жылға келе бул жерде 47 кәрхана, соның ишинде бизиң елимизде бирден-бир жоңышқа тұқымын тазалаўшы завод, полиграфкомбинат, гербиш заводы, механизацияласқан ун қаразы, сүт май заводы, аяқ кийим ҳәм тигиўшилик артельлери, электр станциясы ислеп турды. 1940-жылы бала бақшалары, мәмлекетлик банк, орайлық почта, мийманхана, турақ жайлардын хәм басқа да объектлердиң қурылысы питкерилди.

1940-жылы радиоузел салынды,телефон байланысы жолға қойылды. Мебель фабрикасының, пиво заводының, сондай-ақ полиграфкомбинаттың қурылысы басланды, ол 1940-жылдың өзинде иске қосылды. Жаңа пайтахтта халық билимлендириўин раўажландырыў ушын жағдайлар дүзип берилди. 1941-жылға келип төрт мектеп салынып, оларда 68 муғаллим иследи, 2665 оқыўшы билим алды.

Уллы Ўатандарлық урыс жылларында қурылыслар үзилиске түсти. Халық Ўатан қорғаўға атланды.

Тек 1941-жылдың июль айының өзинде Қызыл Армияның қатарына ықтыярлы түрде кириў ушын Нөкис қалалық әскерий комиссариатына 108 адам арза берди. Усындай ықтыярлылар қатарында фронтқа Нөкис қаласының даңқлы уллары Турдымурат Бекимбетов, Кәлли Айымбетов, Серали Бекжанов ҳәм басқалар атланды. Қалада ата-аналар өзлериниң уллары менен қызларын фронтқа, фабрика-заводларда ислеў ушын билим алыўға, батальонларға жөнелтти. Тылдағы барлық аўырманлықты кексе адамлар менен жас өспиримлер өзлерине алды. Фронтқа жәрдем көрсетиў ушын қаланың ҳәм республиканың барлық материаллық қаржыларын жеделлестириў мақсетинде урыстың биринши кунлеринен баслап-ақ, Қарақалпақстан мийнеткешлери санаатты қорғаныў өнимлерин ислеп шығарыўға көшириўге киристи. Бәринен бурын қала басшылары санаатты өстириў ушын кадрлар таярлаўға үлкен дыққат аўдарды. Қысқа мүддетли курсларда, мектеплерде ҳаял-қызларды, жас өспиримлерди бригадалық ҳәм жеке түрде оқытыў шөлкемлестирилди. Солай етип, олар өзлериниң әкелериниң, ерлериниң ҳәм туўысқанларының орнын билдирмей, мийнет фронтында мийнет етти.

Урыс жылларында жылына 50-60 мың жуп аяқ кийим ислеп шығаратуғын аяқ кийим фабрикасы, жылына 1,5-2 мың тигиўшилик буйымларын ислеп шығарыў қуўатлылығына ийе болған тигиў фабрикасы қурылды . Мотор ремонлаў заводы ҳәм Нөкисте суткасына 15 тонна нан шығаратуғын механизацияласқан нанбайхана ҳәрекет етип турған кәрханалардың қатарына қосылды.

Урыс жыллары Нөкис қаласы республиканың турмысында тек ғана байланыстырыўшы басшылық орайы болып қалмады. Нөкис қаласынан көплеген кадрлар колхозлардың, МТС лардың, санаат кәрханаларының басшылары сыпатында аўылда жумыс ислеўге жиберилди. Сиясий угит-нәсияттың тийкарғы темасы мийнет өнимдарлығын арттырыў болды. Нөкис қаласы бойынша фронтқа 3223 адам кетти. Уллы Ўатандарлық урыс жылларында автономиялы республикадан 15 мың солдат ҳәм офицерлер Советлер Аўқамының орденлери ҳәм медальлары менен сыйлықланды. 18 адам Советлер Аўқамы Қахарманының жоқары атағына миясар болды. Урыстан соңғы жыллары театр ҳәм музыка өнери барған сайын раўажланды. 1944-жылы мәмлекетлик филармония дүзилди.

Уллы Ўатандарлық урыс тамамланғаннан кейин бизиң республикамыздың тийкарғы ўазыйпасы барлық халық хожалығын парахатшылық турмысқа бағдарлаў ҳәм экономика жәнe мәденияттың буннан былай да көтерилиўин тәмийинлеў болды. Нөкис, автономиялы республиканың санаат орайына айланды. 1948-жылы азық-аўқат санаатының бир қатар кәрханалары,соның ишинде нан комбинаты ҳәм май заводы иске қосылды. Металлды қайта ислеў, қурылыс ҳәм ағаштан буйымлар ислеў санааты раўажланды. Олардың көпшилиги шийки затты үнемлеў, жумыс ўақтынан нәтийжели пайдаланыў есабынан жобаларын артығы менен орынлаўға еристи.

Урыстан кейинги бес жыллық дәўиринде Нөкис электр станциясы ҳәм машина ремонтлаў заводы иске қосылды, қалалыларды аўыз суў менен тәмийинлеў жақсыланды.

Нөкисте ремонтлаў заводы, ремонтлаў-механикалық ҳәм авторемонтлаў заводлары, үй қурылысы комбинаты, тигиўшилик, трикотаж фабрикалары, ун комбинаты, гөш комбинаты, полиграфкомбинат ҳәм басқа да санаат кәрханалары ислеп турды. Транспорт ҳәм байланыс буннан былай да раўажланбақта.

Қаланың санаат кәрханаларының жумысшылары менен хызметкерлери өзлериниң интасы менен колхозларға күтә үлкен жәрдем көрсетти. 1954-жылдың өзинде Нөкистиң 49 санаат кәрханалары республиканың 40 колхозын өзлериниң ғамхорлығына алды. Олар 7 мың тонна пахтаны, 3 мың тонна минерал төгинлерин тасып берди. Нөкис қаласының студентлери менен оқыўшылары аўыл хожалығына үлкен жәрдем көрсетти.

Нөкис Қарақалпақстан илиминиң ҳәм мәдениятының орайына айланды. 1959-жылы комплексли илим-изертлеў институтының базасында Өзбекстан ССР Илимлер академиясының Қарақалпақстан филиалы ашылды. Оның биринши басшысы академик М.К.Нурмухамедов болды. 1992-жылы Қарақалпақстан филиалы Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясының Қарақалпақстан бөлимине айландырылды, оның президиумының баслығы болып Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясының академиги С.К.Камалов хызмет етти.

Басқа аўқамлық республикалар илимпазларының жәрдеминде автономиялы республикада илимий кадрлар өсип жетилиспекте. 1956-жылы 22 адам илимий атақларға ҳәм дәрежелерге ийе болды. 1992- жылға келгенде 10 илимий мәкеме ислеп турды. Илимий макемелер менен қаладағы жоқары оқыў орынларында 3 академик, 3 хабаршы ағзасы, 24 илим докторы ҳәм 410 илим кандидатлары иследи. Олар бизиң үлкемиздиң экономикасы менен мәдениятын буннан былай да раўажландырыў менен байланыслы болған мәселелердиң кең топары бойынша изертлеўлер жүргизди. Урыстан соңғы жыллары Нөкис қаласы халық билимлендириўин раўажландырыўда үлкен роль атқарды. 1950-жылы қалада 12 мектеп болды, халықтың санының артыўы менен оқыўшылар да саны артып барды. Муғаллимлер жетиспеди. Муғаллимлерге болған талапты педагогикалық училище, педагогикалык институт қанаатландырыўы тийис болды. 1976-жылы институт Қарақалпақстан мәмлекетлик университети етип қайта дүзилди.

Урыстан соңғы жыллары медициналық хызмет көрсетиў жақсыланды. 1958-жылы қалада 80 врач ҳәм

250 орта медицина хызметкерлери болды, усы ўақытқа келип 475 орынға мөлшерленген 6 емлеўхана ҳәм 2 дәрихана ислеп турды.

1970-жыллары ден саўлықты сақлаў тараўында үлкен табысларға ерисилди. Бир қатар медицина мәкемелериниң объектлери-республикалық онкологиялық диспансердиң комплекси, рессанэпидстанцияның жайы, республикалық балалардың жуқпалы кеселликлери ҳәм көз кеселликлери емлеўханаларының корпуслары иске қосылды. 1980-1990-жыллары ден саўлықты сақлаў тараўында, әсиресе, үлкен өзгерислер жүз берди. Емлеўханалар кеңейтилди ҳәм тазадан салынды.

1987-жылдан баслап қалада 7 мәдений үйлери ислеп турды, оларда көркем ҳәўескерлик 57 дөгерек шөлкемлестирилди, мәдений үйлери жанында 2 автоклуб, 5 халық ансамбли, 1 халық университети, хожалық есабындағы 1 дем алыс орайы ҳәрекет етти.

1990-жылы қалада 20 емлеўхана, 12 поликлиника болды, оларда 890 врач ҳәм 2 мыңнан аслам орта медициналық хызметкерлер иследи. Республиканың дәриханалар басқармасы, медициналық илим-изертлеў институтлары ислеп тур.

С.Хожаниязов атындағы жас тамашагөйлер театры жемисли ислемекте. 1991-жылдан баслап мәмлекетлик қуўыршақ театры ислей баслады. Творчестволық хызметкерлер арасында Хамза атындағы Өзбекстан Республикасы мәмлекетлик сыйлығының 6 лауреаты, Қарақалпақстан Республикасы республикалық сыйлығының 11 лауреаты, Ленин комсомолы сыйлығының 4 лауреаты бар.

Нөкис қаласы барған сайын қалалық-республикалық мәдений-ағартыў мәкемелериниң орайына айланып барды. Қалада И.В.Савицкий атындағы сүўретлеў көркем өнериниң музейи, қолланба өнер музейи, үлке таныў музейи ҳәм жаўынгерлик және мийнет даңқы музейи ислеп тур. 1958-жылы улыўма китап фонды 200 мың болған 15 китапхана болған болса, 1990-жылы қалалық орайластырылған китапханалар системасы өзиниң 14 филиалына ийе болды, олардан 10 жалпы ҳәм 4 балалар китапханалары болды. Китап фонды 458150 нусқаны қурады, китап оқыўшыларының саны 30874 адам болды. Қалада 1 «Жеңис» мәдений ҳәм дем алыў бағы, кинотеатр бар. 1957-жылы Нөкис қаласында 28 клуб ҳәм мәдений үйлери, 42 қызыл мүйеш, 68 жалпы китапханалар болды. Нөкистен республиканың барлық елатлы пунктлерине радио еситтириўи бериледи, ал телевизиялық көрсетиўлерди тек Нөкистен ғана емес, ал Ташкенттен, Алма-Атадан, Москвадан, Ашқабаттан, Стамбулдан көриў мүмкиншилигине ийе.

Ғәрезсизиктиң дәслепки дәўирлеринен баслап мәмлекетте илим-пәнге болған итибар күшейди. 1992-жыл Өзбекстан Республикасы Пәнлер академиясының Қарақалпақстан филиали оның өз алдына бөлимине айлантырылды. Оның қурамында болса 5 илимий изертлеў институтлары: Н. Даўқараев атындағы Тил ҳәм Әдебият институты, Тарийх, Археология ҳәм Этнография институты, Арал бойы социал-экономикалық машқалалар институты, Тәбий пәнлер бирлескен институты, Биоэкология институты менен бир қатарда Ботаника бағы, Үстүрт чөл станциясы, Халқара Мойнақ биостанциясы, “Фанум” илимий-оқыў орайының Қарақалпақстан филиалы, фундаментал китапхана, ӨзР ФА ҚҚБ “Хабаршысы” журналының редакциясы ҳәм “Илим” баспаханасы хызмет көрсетти. Бөлимде 140 дан артық илимий хызметшилер илимий изертлеў жумысларын алып барды [1].

1992-жыл республикадағы аўыл хожалығы пәнлери мәкемелери тийкарында Өзбекстан Аўыл хожалығы Академиясының бөлими дүзилди. 1994-жыл Тәбий пәнлер бирлескен институты екиге бөлинип: 1.Ботаника, биология, ихтиология, паразитология лабараториясы тийкарында “Биоэкология институты”. 2. Физика, техника, химия ҳәм геология лабораториялары тийкарында “Тәбий пәнлердиң бирлескен институты” шөлкемлестирилди [2]. Медицина саласында илимий-изертлеў жумысларын кеңейтиў мақсетинде Өзбекстан Республикасы Ден саўлықты сақлаў министрлиги қурамындағы Қарақалпақстан клиникалық ҳәм експериментал илимий-изертлеў институты Өзбекстан Республикасы Пәнлер Академиясы қурамына өткерилди [3].

1992-жылы ӨзР Пәнлер академиясы Нөкис филиалындағы Н.Даўқараев атындағы Тарийх, Тил ҳәм әдебият институты бөлинип, еки илимий орай Тарийх, археология ҳәм етнографыя институты ҳәм де Н.Даўқараев атындағы Тил ҳәм әдебият институты иске түсти. Бул болса республикада тил ҳәм әдебият, тарийх пәнлериниң раўажланыўда үлкен мүмкиншиликлер жаратты. Бүгинги күнде қарақалпақ үлкесинде 3 мәмлекет театры әмелдеги болып, олар: Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекет музыкалы академик театры, Сапар Хожаниязов атындағы Қарақалпақстан жас тамашагөйлер театры ҳәм Қарақалпақ мәмлекет қуўыршақ театрлары болып табылады. Мәмлекет музейлериниң саны 4 данаға жетти. Нөкистиң “Сапар қағазы” на айналған И.В.Савицкий атындағы көркем өнер музейинде 2018-жылға келип, експонатлар саны 100 мыңға жетти. Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық артисти ҳәм жазыўшы, мәмлекет ғайраткери А.Шамуратов үй музейи, Бердақ миллий музейи, “Қатаған қурбанлары яды” музейлери иске исти.

1991-жылы И.В.Савицкий атындағы мәмлекет музейинде “Әййемги Хорезм көркем өнери” экспозицияси ашылды. Ол жағдайда 1972 експонатлар қойылған. Музей фондына ҚР мәдений министрлиги тәрепинен 169 жаңа експонатлар тапсырылды, ол жағдайда 978 експонат биринши рет көрсетилди [4].

Музейдиң халық аралық байланыслары жылданжылға артып барып атыр. Ол жәҳәнниң жетекши музейлеринен Ермитаж, Амстердам музейи, А.Пушкин атындағы көркем өнери музейи, Третьяков галереясы, Смитсон институтлары менен шериклик қылып атыр [5]. Усы музей жәҳәнде “Саҳра дағы Лувр” аты менен де атақлы[6]. Музей веб-сайтында инновациялық характерге ийе “Виртуал музей” программасы жайластырылды. Бул программа жәрдеминде 3D форматда 360 градус кеңликте музейдиң бай експозицияларын ҳәр қандай ўақытта дүньяның қәлелеген жеринен телефон ямаса компютер арқалы виртуал тамаша қылыў мүмкиншилиги жаратылды [7]. Қарақалпақстан тарийхы ҳәм мәденияты, Бердақ миллий музейи өз експонатларын кеңейтирип бармақта.

Бердақ атындағы музыкалы театрға 2017-жылы “Академик театр” мәртебеси берилди. Ғәрезсизлик жылларында Өзбекстан ҳүжжетли ҳәм илимий-көпшиликке арналған филмлери Қарақалпақстан филиалы ғәрезсиз “Қарақалпақфилъм” киностудиясына айлантырылды.

Ғәрезсизлик жылларында ҚР жоқары тәлим системасы да жедел пәт пенен раўажланды. 1991-жылы ҚР да үш жоқары тәлим шөлкеми искерлик көрсеткен болса, 2010-жылда олардың саны 6 ға көбейди. 2018-жылда олар саны 9 ға, ҳәзирде 10 данаға жетти. Бул ЖООлардың Қарақалпақстан мәденияты раўажланыўында, оның және де раўажланыўындағы рөли ҳәм орны күтә үлкен болды. Олар: Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекет университети, Ажинияз атындағы Нөкис мәмлекет педагогика институты, Қарақалпақстан медицина институты, Қарақалпақстан аўыл ҳожалығы ҳәм агротехнологиялар институты, Мухаммад ал-Хорезмий атындағы Ташкент информациялық технологиялары университети Нөкис филиалы, Өзбекстан мәмлекет көркем өнер ҳәм мәдений институты Нөкис филиалы, Өзбекстан

мәмлекет физикалық тәрбия ҳәм спорт университети Нөкис филиалы, Самарқанд ветеринария медицинасы, шарўашылық ҳәм биотехнологиялар университети Нөкис филиалы, Наўайы мәмлекет таў кәншилик ҳәм технологиялар университети Нөкис филиалы, Өзбекстан мәмлекет Консерваториясы Нөкис филиалы жасларға тәлим берип келмекте. Ҳәзирги күнде Нөкис қаласының экономикасы қурылыс индустриясы, химия, фармацевтика ҳәм азық-аўқат, электротехника санааты тараўларына кәнигелескен. 51 Мектеп, 15 Китапхана, 10нан артық ден-саўлықты сақлаў мәкемелери, 5 мешит бар. Ҳәзирги күнде мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлериниң саны 203 ге жеткен. Соннан 57 мәмлекетлик, 1 мәкемеге қараслы, 9 мәмлекетлик-жеке шериклик, 11 жеке меншик ҳәм 25 шаңарақлық мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлери бар.

Ири санаат карханалары саны 5 ке жетти. Олар: Nókis vino zavodı AJ, “Uz - Kor Gaz Chemical” ҚК, "Qaraqalpaq suw T” МЧЖ, Qaraqalpaqstan Respublikası "Taza aymaq” DUK, "Kommunallıq ıssılıq orayı" УК. Ал, 44 қоспа карханалар, 690 киши санаат карханалары, 462 бизнес субъектлери ис алып бармақта.

Экспорт көлеми – 10,1 млн. долларды қурады. Жыллық аймақлық экспорт әмелде – 10,1 млн., доллардан асты. “Ҳар бир семья исбилермен” дәстүри тийкарында 46 млрд 254 млн., сўмлық кредитлер ажыратылды. Қалада аўыл хожалығы тараўыда рауажланбақта. 2022-жыл 1 июль жағдайына ири шахлы қарамаллар саны 9,0 мың басқа жетти. Экономиканың раўажланыуында, миллетлерара дослық, өз ара дослығын беккемлеўде Нөкис халқара аэропортының роли жүдә үлкен болып есапланады.

Бир қатар илимпазлардың пикири бойынша Нөкис атамасы (топоними) Нузкат, Нузкас сөзлеринен, яғный «жаңа қоныс, қорған» сөзлеринен келип шыққан Нускас, Нускат топоними биринши рет XI әсирде автор Якут тәрепинен атап өтиледи, ол Нузкастың Хорездеги Журжанияға жақын қала екенлиги жөнинде жазады. Нуз хорезм тилинде «жаңа» деген мәнини аңлатады. Демек бул «жаңа ҳәўли» деген мәниге жақын келеди. Түркменстанның илимпазларының пикири бойынша орта әсирдеги Нузкас, Нузкат сөзлери ўақыттың өтиўи менен Нөкис сөзине айланған. Хорезмниң әййемги пайтахты ҳәзирги Беруний аймағында жайласқан Кат атамасыда Кат сөзинен (Касоның соңғы ўақыттағы варианты) келип шыққан. Бул демек Каттан кейин Әмиўдарьяның төменинде пайда болған қала Жаңа Кат атамасын алды дегенди билдиреди. Солай етип, усы атама өзи пайда болған ўақыттан баслап төмендегидей фонетикалық өзгерислерге ушырады: Нузкат—Нузкас—Нөкис, булар лингвистикалық көзқарастан аңсат түсиндириледи.

Грецияның дәреклеринде Әмиўдарьяны Оксус, Укус деп атаған. Ибн Хаўкалдың мағлыўматлары бойынша усы сак-массагет атамалары X әсирге дейин келген. Ҳәтте жақын ўақытқа дейин Әмиўдарьяның ҳәзирги Хожели, Ленинабад Хам Қоңырат районларының аймағынан өткен ҳәм Арал теңизине қуйған әййемги тармақларының бири Өгиз дарья деп аталған. Сондай-ақ Өгиз көл, Өгиз аўыл атамалары болған. Усы бир-бирине уқсас атамалар тийкарында әййемги Әмиўдарья –Оксус—Укузден Өгиз, Нөкис атамалары келип шықты деп болжаў мүмкин.

Бул теманы және даўам еттириў мүмкин, неге дегенде бир мақалада Нөкис қаласының жетискеликлерин толық қамтып алыў қыйын.

**Әдебиятлар**


1. Аймбетов Н. Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясының Қарақалпақстан бөлимине 50 жыл. // Вестник ККО АН РУз. 2010. №1. 24-б.
2. Джумашев А., Нуржанов С., Уразова Л., Таджиева Р. Қарақалпақстан тарийхы. – Нөкис: «Илим», 2018. 109-б.
3. Камалов Қ. Илимли елге нур жаўар. – Нөкис: “Илим”, 2010. 10-б.
4. Қарақалпақстан XIX әсирдиң екинши ярымынан XXI әсирге шекем. – Нөкис: “Қарақалпақстан”, 2003. 515-б.
5. Қарақалпақстан республикасының мәмлекетлик орайлық архивы. М . 515. фонд, 1 – опись, 5 дело, 346-б.
6. Қарақалпақстан Республикасы Мәдемият ўазирлиги архиви. 1993 жыл есабаты. – 352-б.
7. Туракулов О. Жемчужина на берегу Джайхуна. / «Вести Каракалпакстана». 2012. 1 май; Қурбанова А. Данқ таратқан музей. / “ Еркин Қарақалпақстан”. 2016. 30 сентябрь; Усы жерде. Виртуальный тур. Государственный музей искусств Республики Каракалпакстан им. И.В.Савицкого.
8. Қарақалпақстан республикасының пайтахты Нөкис қаласына 60 жыл. Х.Есбергенов, А.Қощанов, П.Муратова, В.Н.Ягодин. –Нөкис: «Карақалпақстан», 1992, 36-б.
9. Қарақалпақстан республикасы Ўазирлер кеңесиниң кунделикли архивы. 2022.
10. Нөкис қаласы ҳакимиятының кунделикли архивы. 2022.



**РЕЗЮМЕ.** Ушбу мақолада Нукус шаҳрининг пойтахт шаҳар бўлиб ташкил этилганидан бошлаб, ҳозирги давргача бўлган тарихи қисқача берилди. Нукус шаҳрининг Республика тараққиётидаги ўрни алоҳида бўлиши билан бирга, ҳозирда унинг ижтимоий-иқтисодий, ижтимоий-маърифий ривожланган шаҳар сифатидаги ўрни алоҳида фактлар билан кўрсатилди. Ҳақиқатда мазкур даврда Нукус шаҳри билим ва маданият марказига айланди.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье кратко представлена история города Нукуса со времени его основания как столицы до настоящего времени. Уделено внимание на особое место его в развитии республики, отдельными фактами показано его роль в социально-экономическом и социально-образовательном развитии государства. Фактически за это время город Нукус стал центром знаний и культуры.

**SUMMARY.** This article briefly presents the history of the city of Nukus from the time of its foundation as the capital to the present. Attention is paid to its special place in the development of the republic, its role in the socio-economic and socio-educational development of the state is shown by separate facts. In fact, during this time, the city of Nukus became the center of knowledge and culture


## ДАВРИЙ НАШРЛАРДА ЖАНУБИЙ ОРОЛБЎЙИ ҚОРАҚАЛПОҚЛАРИНИНГ ИЖТИМОИЙ-ҲУҚУҚИЙ АҲВОЛИГА ОИД АЙРИМ МАЪЛУМОТЛАР (XIX АСРНИНГ СЎНГГИ ЧОРАГИ – XX АСР БОШЛАРИ)


**А.А.Абдуллаева** –*ассистент ўқитувчи*

*Ажиниёз номидаги Нукус давлат педагогика институти*



**Таянч сўзлар:** Туркистон, Хива, Амударё бўлими, савдо марказлари, Орол флотилияси, ҳуқуқ тизими.

**Ключевые слова:** Туркестан, Хива, Амударьинский отдел, центры торговли, Аральская флотилия, правовая система.

**Key words:** Turkestan, Khiva, Amudarya department, trade centers, Aral flotilla, legal system.


Туркистонда, Жанубий Оролбўйи, яъни хусусан Амударё бўлимида Россия империяси босқини даврида кенг тарқалган ва ягона империя сиёсати тарғиботчиси ҳисобланган расмий газета «Туркистон қайдномалари»да (Туркестанские ведомости) ўлкада юз бераётган барча ҳодиса ва воқеалар ҳақида маълумот берилган. Матбуот орқали ҳам ўлкани маъмурий жиҳатдан бошқариш бўйича аниқ бошқарув тизими ташкил этилганлигини кўриш мумкин. Бу борада Жанубий Оролбўйида ўзига хос равишда бошқарув тизимини яратиш бўйича ҳам ўз